

Deklarasyon Enpak Sou Ekite pou Pwopozisyon Bidjè Ane Fiskal 2024- 25 lan

Tit: Devlopman Bidjè Ane Fiskal

Dat: Mèkredi 7 Fevriye 2024

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la: [Edikasyon Enklizif](#) [Repanse Finans Lekòl la](#)

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflete idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino/o/x-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Sèvis Espesyal la)?</i></p>	<p>Bidjè Ane Fiskal 2025 lan gen pou objektif pou konstwi baz pou transfòme avni elèv Lekòl Piblik Boston yo.</p> <p>Pou atenn objektif alontèm nou yo ki se lekòl de gran kalite pou prepare elèv yo pou inivèsite, karyè pwofesyonèl ak lavi, tout konsène BPS yo dwe reflechi de fason estratejik sou kijan pou n pi byen sipòte lekòl nou yo nan Ane Fiskal 2025 lan, men plis ankò, pandan twa a senk lane k ap vini yo. Pou n atenn chanjman transfòmasyon ki nesèsè nan fason n ap fonksyone aktyèlman, nou dwe repanse finansman lekòl la epi soti nan Finanse Elèv ki pi Konpetan; fè gwo investisman pou asire ke tout lekòl BPS yo reyalize edikasyon enklizif la de fason efikas; ak chanje baz fizik distri a pou pi byen bay Eksperyans Elèv de Gran Kalite.</p> <p>Bidjè ane sa a se pou fè pi gwo efò pou repanse Finans Lekòl la nan refè politik finansman distri a pou plis sipòte chak timoun menm jan pou yo reyisi ak prospere, epi konsantre sou elèv yo ak fanmi ke yo konsidere. Finansman lekòl la se yon resous ekitab ki fè enpak sou eeksperyans ak avni elèv yo. Objektif nou se pou etabli yon nouvo estrikti pou mete priyorite sou finansman elèv yo lekòl yo ak pi gwo bezwen yo genyen, elèv ki Nwa yo ak Latina/o yo, elèv ki gen andikap (SWD yo), elèv ki pale plizyè lang yo (ML yo) ak elèv ki defavorize ekonomikman.</p> <p>Divizyon Finans lan kondwi nan devlopman bidjè a. Ekip ki dwe enplike se ekip Bidjè, Planifikasyon ak Analiz, Ekip Sivansyon ak ESSER yo. Ekip yo ak dirijan yo gen ladan l 10 pèsonèl ki idantifye kòm Blan, 8 ki idantifye kòm Nwa oubyen Afwo-Ameriken; 4 ki idantifye kòm Latina/o/yo; 1 ki idantifye kòm Nò Afriken; 1 ki idantifye kòm Azyatik ak Natif Awayen; 1 ki idantifye kòm Nwa oubyen Latino; ak 1 ki idantifye kòm Nwa ak Blan.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Ane Fiskal 2025 lan anrasine nan Plan Estratejik la. Byenke koneksyon yo anpil, objè sa yo klèman santre nan pwopozisyon bidjè sa a:</p> <p>1.4 Reyalize sipò espesifik pou elèv Anglè pandan y ap reyalize Lwa LOOK la pou elaji pwogram ki ankouraje bileng/miltileng ki genyen ladan edikasyon bileng, doub lang, ak pwogram eritaj kiltirèl yo.</p> <p>1.10 Devlope ak siveye pwogrè pou atenn objektif eksplisit pou SWD yo epi mete an èv divès estrateji pou ogmante pratik enklizyon yo epi remède dispwopòsyonalite nan divès kontèks ki pa fin prepare nèt.</p> <p>4.1 Finanse tout lekòl yo nan yon fason ki reponn ak bezwen inik elèv yo ap desèvi yo, pandan y ap teni kont de aprenan Anglè yo, elèv ki gen andikap yo, elèv ki ekonomikman defavorize yo, elèv ki riske abandone lekòl yo, jèn ki pèdi ray yo ansanm ak lòt gwoup yo jeneralman majinalize yo.</p> <p>4.2 Amelyore fòmil Finans yo pou kreye mekanism pou fè asire distibisyon ekitab resous ki antre atravè levedefon, patenarya ak lòt sibvansyon.</p>

<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Analiz ekitab bidjè BPS la pran kantite lajan pa lekòl pou kèk investisman, epi kalkile depans pa elèv pou kantite elèv ki aktyèlman enskri nan lekòl la. Itilizasyon ras ak lòt done demografik kle elèv yo, nou kalkile answit investisman mwayen pa elèv nan distri a pou chak gwoup demografik. Analiz sa a pa konsidere SDW yo, ML yo, fanmi ki gen fèb revni ak ras.</p> <p>Nan kad Edikasyon Enklizif REPT ki dekri anlè a, analiz enfòmasyon SWD ak ML yo te jwenn:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pousantaj elèv BPS ki nan salklas totalman apa yo plis pase de fwa pousantaj eta a ak nan tout peyi a. ● Pandan Ane Fiskal 2021-2022 a, elèv gason Nwa yo te gen 3 fwa plis chans pou yo mete yo nan anviwònman totalman apa ke kamarad yo. ● ML yo se 2,5 fwa pi pwobab pou yo idantifye yo avèk yon andikap nan kominikasyon epi ki plase nan yon kad ki sansibleman separe. ● 81% Devlopman Lang Anglè (ELD) Nivo ML yo, 56% Nivo 3 ML yo ak 67% ML ki gen andikap pa fè nòt yo te dwe fè nan ELA MCAS (Klas 3-8 yèm ane). <p>Nan kad Repanse Finansman Lekòl REPT ki dekri anlè a, analiz enfòmasyon konsènan enskripsyon, pèfòmans elèv, alokasyon bidjè, pwofesè ak etablisman yo te jwenn:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Kèk elèv ki soti nan popilasyon ki pa gen anpil moun gen pi bon rezilta akademik ke lòt yo, kèlkeswa lekòl yo frekante ● Depans lekòl yo pa koresponn kòrèkteman avèk rezilta yo pa rapò ak klas elèv yo oswa kantite elèv. ● Gen kèk lekòl ki gen pi gwo rezilta ke kèk lekòl ki gen menm kantite elèv avèk menm kantite depans pa elèv. ● Pa gen okenn lyezon ant kantite elèv ki genyen ak reyisit yo, ni kantite elèv ki nan yon lekòl ki gen yon idantite patikilye oswa bezwen langaj ak reyisit yo.
<p>4. Angajman Aksyonè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Divizyon Finans la te solisite kòmantè prensipal pati prenan yo nan moman reyinyon ki vini an apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 11/23 rive 12/23 Kòmantè sou Preparasyon Bidjè Sirentandan Rejyonal la ● 7 Desanm 2023 Nouvo Fòmasyon pou Dirijan Lekòl yo ● 14 Desanm 2023 rive 7 Fevriye 2024 Reyinyon Konsèy Sit Lekòl/Konsèy Etablisman nan lekòl yo ● 14 Desanm 2023 Seyans Preparasyon Bidjè Tout Lidè yo <p>Nou pral kontinye chèche ak ajoute kòmantè yo nan de pwochen mwa yo, ak odyans Komite Lekòl Boston (BSC) nan 7 Fevriye 2024 ak Odyans Bidjè Piblik yo nan dat 2/15, 3/4 ak 20 Mas 2024.</p> <p>Anpil nan fanmi Edikasyon Enklizif ak angajman kominotè yo ap travay jiska prezan nan lekòl yo sou plan lekòl yo, adopte ak aplike nouvo opòtinite enklizif yo (epi atravè reprezantan fanmi yo ki nan Ekip Planifikasyon Enklizyon yo). Lòt gwoup ki angaje yo nan kad Edikasyon Enklizif REPT a se Gwoup Travay Enklizyon an, Komisyon Konsèy Paran Edikasyon Espesyal (SpEdPAC), Gwoup Mendèv Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL), Kabinè Dirijan Lekòl la, Komisyon Konsèy Elèv k ap Aprann Anglè yo (DELAC).</p> <p>Komite Direksyon - Gwoup sa ki gen 12 mand kominote BPS angaje yo antanke moun k ap patisipe nan Pwojè Repanse Finansman Lekòl nan BPS, ak reprezantan BSAC, SpEdPAC, DELAC, CPC, ak Mendèv ELL. Gwoup sa gen otorizasyon pou fè yon rekòmandasyon bay Sirentandan pou nouvo politik finansman lekòl BPS la ki se reprezantan kominote a ak avni elèv BPS yo.</p> <p>Gwoup Mendèv Prensipal - Gwoup sa a gen 12 dirijan lekòl pou ki bay apèsi ak ekspètiz sou politik finansman an pou lekòl y ap dirije yo ak chèche jwenn opinyon dirijan parèy yo. Gwoup la reprezante plizyè kalite lekòl ki gen ladan lekòl transfòmasyon yo, Lekòl K-8 lekòl primè ak lekòl segondè ak lekòl ki varye pa popilasyon rasyal elèv yo, espas jeyografik ak lòt faktè.</p> <p>Kominite Kreyasyon Politik Finansman (FPD)- 18 manb FPD yo se patisipan entèn ki pi enpòtan ki</p>

	<p>angaje pou mete fen nan inegalite istorik yo avèk ekspètiz nan objektif ki enpòtan pou repanse yon nouvo politik, rezilta ak pwosesis finansman. Gwoup la gen ladan reprezantan ki soti nan Sèvis Finans, Enklizyon, Sèvis Espesyal ak Sirentandan Rejyonal yo.</p> <p>Gwoup Angajman ak Kominikasyon - Gwoup patisipan kle sa yo bay direktiv sou metòd angajman pou pwojè sa a (pa egzanzp, chèn angajman, pwotokòl, gwoup angajman, mesaj ak espas tan). Yo bay ekspètiz sou koneksyon avèk manm ak fanmi kominote BPS yo, ede bay aksè atravè sèvis tradiksyon ak defini angajman pou gwoup yo anbadone yo akoz iswa yo. Yo bay opinyon yo sou desizyon yo ak lide tout gwoup k ap travay ki konekte nan Pwojè Repanse Finansman Lekòl BPS la.</p> <p>Anplis de gwoup k ap travay ki dekri anlè yo, angajman sa yo te rive pran:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 50 entèvyou avèk patisipan kominote BPS yo ak fanmi yo ak anplwaye lekòl yo ak Biwo Santral ● Sondaj plis pase 250 manb kominote a ● Analiz opinyon Seri Ekout BPS ESSER, reyinyon sou tab Ekitab Kominote yo ak Reyinyon BSC ● Konsantrasyon sou konvèzasyon gwoup yo avèk manb depatman Lekòl Transfòmasyon yo, Komisyon Paran nan Tout Vil la (CPC), Komisyon Konsèy Elèv Boston, SpEdPAC ak gwoup elèv nan Hernandez K-8 School.
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Pou n atenn egalite rasyal, BPS dwe panse sou kijan pou l pi byen sipòte lekòl nou yo nan ane k ap vini an, men sa ki pi enpòtan ankò, nou bezwen fè plan pou twa ak senk ane k ap vini yo. Nou dwe soti nan finansman "hold harmless" la kote lekòl kantite elèv ki frekante yo diminye pa resevwa rediksyon finans, olye nou fèmen salklas yo envesti nan lekòl nou yo.</p> <p>Pwopozisyon bidjè Fiskal 2025 lan gen ladan envestisman sa yo ki santre sou enpak dirèk sou elèv yo ak sipò pou elèv nou yo ki gen pi gwo bezwen yo.</p> <p>Envestisman Edikasyon Enklizif:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 15,1 milyon dola pou demand Ekip Planifikasyon Enklizyon (IPT) pou pwofesè pou reponn ak bezwen SWD yo ak ML yo ● 2,7 milyon dola pou ogmante sèvis espesyalize yo ak sipò pou ML ki gen andikap yo nan salklas ki totalman apa yo ● 2,2 milyon dola pou bay plis finansman ak lekòl yo pi devan nan pwosesis deplwaman an <p>Lòt Envestisman Anplis Lekòl yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 6 milyon dola pou kontinye konstwi baz pou lavni ak ogmantasyon nan: <ul style="list-style-type: none"> ○ Kowòdonatè Edikasyon Espesyal yo ○ Sikològ lekòl yo ak konseye lekòl yo ○ Fòmasyon pedagogik ak pwofesè espesyalis nan nouvo Lekòl Transfòmasyon yo ○ Aplikasyon MassCore (obligatwa pou gradye nan Lekòl Segondè) ● 4 milyon dola pou Soti nan ESSER Hold Harmless ane pase yo pou lekòl sa yo ki anvizaje ogmante enskripsyon yo pandan Ane Fiskal 2025 lan.

<p>6. Bidjè ak Aplikasyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman aplikasyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Anplis de investisman ki dekri anlè a, nou te prevwa Pwopozisyon Bidjè Ane Fiskal 2025 Meri a ap gen yon 81 milyon dola pou BPS itilize pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Investisman Lekòl la gen Kontwole pou elèv ki gen pi gwo bezwen yo (30 milyon dola, 20 milyon dola pou Edikasyon Enklizif) ● Planifikasyon Depase ESSER (6 milyon dola) - Aprantisaj Egal pou tout Elèv, Sipòte Elèv yo, Planifikasyon Kapital Elatriye. ● Konstwi Baz nou: Universal Pre-K (11 milyon dola), Akò Negosyasyon Kolektif BTU ESSER (17 milyon dola) ● Ogmante Depans: Etablisman (11 milyon dola), Transpò (12 milyon dola), Depans pou Tan Aprantisaj Pwolonje (8 milyon dola), Sèvis Kantin (4 milyon dola), Lòt (9 milyon dola) <p>Ekonomize Lajan:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Efikasite nan Bidjè Biwo Santral (-17 milyon dola) ● Konsolidasyon ak Rekonfigirasyon Salklas (-10 milyon dola) <p>Ekip mizannèv bidjè a gen ladan l tout dirijan lekòl yo ak distri yo, an patenarya avèk Biwo Finans lan, epi ki se jeneralman reprezantan demografi elèv yo ak fanmi yo. Manb Ekip yo, ki gen ladan l dsirentandan rejyonal yo ak manm Biwo Finans, Kapital Imen, Sèvis Espesyalize, Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl, ak Transfòmasyon Lekòl ak Distri a.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Depatman ki reponsab yo pral kontwole enpak inisyativ divès bidjè. Pa egzanp, Biwo Sèvis Espesyalize yo pral bay mizajou sou deplwaman planifikasyon enklizyon pandan Ane Fiskal 2025 lan.</p> <p>Depatman finans lan pral retounen nan BSC pou pataje mizajou sou pwogrè nan inisyativ ke investisman distri a sipòte nan Desanm 2024. Pral gen 3 odyans sou bidjè a k ap fèt nan Fevriye ak Mas ak lòt reyinyon regilye BSC ke yo pral pwograme pou jwenn kòmantè ak reyaksyon piblik la.</p> <p>Chak lekòl pral kontinye travay avèk Konsèy ki sou Sit Lekòl yo ak IPT a pou aplike investisman Ane Fiskal 2025 yo.</p>